

FEMA Kontinye Sipòte mobilizasyon Zile Vyèj Ameriken yo pou tanpèt twopikal Ernesto

Release Date: Out 15, 2024

ZILE VYÈJ AMERIKEN - Apre Tanpèt Twopikal Ernesto, FEMA ak Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zil Vyèj yo raple rezidan Zile Vyèj yo ak vizitè yo pou yo rete an sekirite, swiv konsèy ofisyèl lokal yo, epi pou yo pare pou posib pann kouran. Kòm toujou, manm kominote a ta dwe kenbe pwovizyon ijans tankou flach ak manje ki pa gate toupren. Fè envantè atik ou bezwen yo ki depann sou elektrisite epi planifye pou sous enèji altènatif tankou pil, yon chajè pòtab oswa yon bank alimantasyon.

FEMA pare pou sipòte. FEMA te deplwaye Ekip Asistans Jesyon Ensidan (IMAT, Incident Management Assistance Teams) ak lòt pèsònèl FEMA sou teritwa a avan tanpèt la. Nan Zile Vyèj Ameriken yo - 112 pèsònèl FEMA ak 123 pèsònèl nan lòt ajans federal deplwaye pou sipòte teritwa a. Resous pre-etabli FEMA yo atravè teritwa a pral sipòte sekirite lavi ak operasyon repons ki soutni lavi, jan sa nesèsè.

FEMA kanpe pou ede gouvènman USVI ak VITEMA pandan y ap kontinye fè evalyasyon domaj.

1. “Mwen te temwen tanpèt la an premye epi mwen te gen opòtinite pou wè patenarya nou an ranfòse ak VITEMA an aksyon,” te deklare Administratè Adjwen Rejyonal FEMA Rejyon 2 Andrew D’Amora. “Tanpèt twopikal Ernesto se yon rapèl pou Zile Vyèj yo pou yo pran preparasyon pou siklòn oserye. Kounye a se moman pou ranpli atik ki nan twous pwovizyon ijans ou a epi pran mezi pou asire moun ou renmen yo pare pou konsekans yon siklòn oswa yon tanpèt twopikal.”
2. FEMA ankouraje moun pou yo kontinye suiv konsèy sekirite sa yo
 - **Si w gen pann kouran** - Itilize sèlman flach oswa antèn ki mache ak pil pou ekleraj ijans. PA JANM itilize balèn pandan blakawout oswa koupi kouran akòz gwo risk pou dife. Etenn oswa dekonekte aparèy, ekipman oswa elektwonik.



FEMA

Page 1 of 2

Pouvwa gendwa retounen ak vag momantane oswa pike ki ka lakòz domaj.

- **Sèvi ak jeneratè san danje** - Toujou sèvi ak jeneratè deyò epi omwen 20 pye de fenèt, pòt ak garaj ki atache. Asire w ou kenbe jeretris la seche epi pwoteje kont lapli ak inondasyon.
- **Evite anpwazònman monoksid kabòn** - Mete recho gaz pòtab, recho kan, oswa gri chabon deyò epi omwen 20 pye lwen fenèt yo. Enstale detektè monoksid kabòn ak backup batri nan kote santral sou chak nivo lakay ou.
- **Sekirite chalè** - Bwè anpil likid pou w rete idrate. Evite aktivite ki gen gwo enèji oswa travay deyò, pandan chalè mitan jounen an, si sa posib. Tcheke manm fanmi yo, granmoun aje yo ak vwazen yo.
- **Liy kouran yo ka danjere** - Lè w netwaye pye bwa ki tonbe, pa manyen, koupe, retire oswa kondwi sou liy ki tonbe oswa ki andomaje paske yo ka an aktivite epi ap fonksyone. Pa anpile debri sou oswa toupre bòn sèvis piblik yo. Li pi vit pou repare pase pou ranplase liy ki andomaje yo.
- **Fè atansyon pandan netwayaj la.** Mete rad pou pwoteksyon, itilize mask oswa kouvèti pou figi ki apwopriye si ou ap netwaye kote ki gen mwezi oswa lòt debria. Moun ki gen opresyon ak lòt kondisyon nan poumon ak/oswa iminitè repwesyon pa ta dwe antre nan bilding ki gen koule dlo andedan kay la oswa kwasans mwazi ke yo ka wè oswa pran sant, menm si moun sa yo pa alèji ak mwazi. Timoun pa ta dwe ede ak travay netwayaj dezaz.
- **Gen yon plan** - Konnen ki jan ou pral kenbe tèt ou, fanmi ou ak bèt kay ou an sekirite si yo prevwa inondasyon ak koupi kouran. Konnen kijan ou pral kontakte youn ak lòt epi rekonekte si ou pa ansanm lè inondasyon kòmanse. Vizite [Ready.gov](https://www.ready.gov) oswa [Listo.gov](https://www.listo.gov) nan lang Panyòl pou plis enfòmasyon sou fason pou w rete an sekirite anvan, pandan ak apre inondasyon.
- **Rete Enfòmè** - Enskri pou Alert VI pou resevwa notifikasyon an tan reyèl pou ijans nan Zile Vyèj Ameriken yo nan [VITEMA - Public - Sign In \(everbridge.net\)](https://www.vitema.gov). Ou ka jwenn mizajou ak enstriksyon sou move tan sou [paj Facebook San Juan Puerto Rico Sèvis Nasyonal Meteyo](https://www.facebook.com/SanJuanPuertoRicoSèvisNasyonalMeteyo).

“FEMA pare pou sipòte teritwa a ak resous yo bezwen pou ede kominote li yo anvan, pandan ak apre yon dezaz,” te di Administratè Rejyonal FEMA Rejyon 2 David Warrington. “Ansanm ak Gouvènman Zile Vyèj yo, FEMA rete angaje pou sipòte efò rekiperasyon yo pou yon avni ki pi rezistan.”

Jwenn enfòmasyon adisyonèl nan <https://www.ready.gov/ht/hurricanes> ak www.fema.gov/ht, ki ofri zouti ak resous pou prepare, reponn ak retabli de evènman ijans yo.



FEMA

Page 2 of 2